

CHA PACE



Akò Afilyasyon

 **CHA PACE**
Cambridge Health Alliance

Tab Matyè

Entwodiksyon	Paj 3
Avi sou Non Diskriminasyon	Paj 3
Misyon	Paj 4
Eleman Patikilye	Paj 4
Elijibilite	Paj 6
Dat Afilyasyon ak Antre An Vigè Kouvèti	Paj 6
Avantaj ak Kouvèti	Paj 8
Swen Entansif ak Ijans	Paj 11
Esklizyon ak Limit nan Sèvis yo	Paj 12
Swen nan Sant	Paj 12
Pèman pa Mwa	Paj 13
Fen Avantaj yo	Paj 15
Dispozisyon sou Renouvèlman	Paj 16
Pwosedi Reklamasyon ak Rekou Patisipan yo	Paj 16
Dwa ou Genyen nan Pwogram PACE la	Paj 20
Responsabilite Patisipan ak Moun k ap okipel la	Paj 24
Konsantman pou Tretman	Paj 25
Dispozisyon Jeneral	Paj 26
Definisyon	Paj 28
Paj Siyati	Paj 30

Avi

Yo konsidere dokiman sa a se yon Akò Afilyasyon epi li defini kondisyon patisipasyon yo nan CHA PACE. Y ap remèt moun k ap patisipe a, moun k ap okipe li oswa reprezantan li otorize a Akò Afilyasyon sa a pandan pwosesis patisipasyon an.

Mailing Address:	CHA PACE
	163 Gore Street, Cambridge, MA 02141
Telephone:	(617) 575-5850
TTY:	(800) 439-2370
Website:	www.challiance.org/pace

Entwodiksyon

Byenvini nan CHA PACE. Akò Afilyasyon sa a ap ede w konprann kijan CHA PACE fonsyone. L ap di w kisa CHA PACE la ye ak ki tip de sèvis li ka ofri w. Lè w fin li Akò Afilyasyon sa a, si w gen kesyon, ou mèt kontakte nou. Si w bezwen yon lòt kopi, ou ka mande resepsyonis CHA PACE la li oswa tou ou pa telechaje l sou sit wèb nou an.

Avi pou pa fè Diskriminasyon

CHA PACE respekte lwa federal yo aplike nan dwa sivil yo epi li pa fè diskriminasyon sou baz ni ras, ni etnisite, ni koulè, ni orijin nasyonal, ni laj, ni andikap mantal oswa fizik, ni oryantasyon seksyèl, ni ekspresyon seksyèl, ni sèks ni non plis sou sous pèman yon moun. CHA PACE pa refize moun ni trete yo yon lòt jan poutèt ras yo, koulè yo, orijin nasyonal yo, laj yo, andikap mantal oswa fizik yo, oryantasyon seksyèl yo, ekspresyon seksyèl yo, sèks yo oswa sous pèman yo.

CHA PACE ofri èd ak sèvis gratis pou moun yo ka byen kominike avèk nou. Pami èd ak sèvis sa yo gen:

- Entèprèt kalifye nan lang siy
- Entèprèt kalifye pou moun ki gen yon lang prensipal ki pa anglè
- Enfòmasyon ki ekri nan lòt lang Si w bezwen jan de sèvis sa yo, ou mèt kontakte nou.

Si w panse CHA PACE te refize bay sèvis sa yo, oswa li te fè yon lòt fòm diskriminasyon ki baze sou ras, etni, koulè, nasyonalite, koulè, laj, andikap mantal oswa fizik, oryantasyon seksyèl, ekspresyon seksyèl, sèks oswa sous pèman, tanpri kontakte nou:

Mailing Address:	CHA PACE 163 Gore Street, Cambridge, MA 02141
E-mail:	pace_compliance@challiance.org
Telefòn:	(617) 575-5850
Fax:	(617) 499-8360
TTY:	(800) 439-2370

Ou kapab depoze yon plent si w vini an pèsòn, pa lapòs, pa faks oswa pa imel. Si w bezwen èd pou w ka depoze yon plent, tanpri kontakte nou. Ou ka depoze yon plent pou vyolasyon dwa sivil ou tou nan Biwo Dwa Sivil [Office for Civil Rights] ki nan Ministè Sante ak Sèvis Sosyal Ameriken an [U.S. Department of Health and Human Services] sou entènèt la sou sit Office for Civil Rights la nan <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>, si w ekri oswa rele nan adrès oswa telefòn sa a:

Mailing Address:	U.S. Department of Health and Human Services 200 Independence Avenue, SW Room 509F, HHH Building Washington, D.C. 20201
Telefòn:	1 (800) 368-1019 (800) 537-7697 (TDD)
Sit entènèt:	Fòmilè plent lan disponib sou http://www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html

Misyon

Nan CHA, nou kwè chak moun merite pou yo viv an sante. Founisè nou yo ak ekip nou an pran angajman pou amelyore aksè a swen, pandan n ap chèche fè ekilib la nan kesyon sante ak jistis sosyal. Nou ankouraje politik ki pwoteje e amelyore sante tout moun, pandan n ap akòde moun yo mal sèvi nan kominate a yon atansyon byen espesyal. Sa se eleman esansyèl misyon nou an.

Deskripsiyon Pwogram

CHA PACE bay swen sante ak lòt fòm sipò pou grannmoun ki gen 55 lane oswa plis ki vle kontinye viv nan pwòp kay yo. Nou fè pati pwogram nasyonal All-Inclusive Care for the Elderly (PACE) [Swen Konplè pou Granmoun]. Avèk CHA PACE, ou jwenn bon doktè, transpòtasyon pou vizit medikal yo, medikaman ak plis ankò - tout sa ou bezwen pou viv an sekirite nan kominate a. CHA PACE ap peye tout frè pou jwenn swen yo tou. Ou pa bezwen enkyete w pou kopèyman, frè famasi, oswa lòt depans ki ka lakòz ou strese pou lajan. Ekip nou an la pou ou.

Eleman Patikilye

Ekip miks

A Nan CHA PACE, yon ekip pwofesyonèl nan sante, yo rele ekip miks ap gen pou rankontre ou menm ak fanmi w oswa moun k ap okipe ou yo pou yo ka evalye bezwen fizik, bezwen sosyal ak emosyonèl ou. N ap chita ansanm pou w ka diskite kisa ki empòtan pou ou, epi n ap fè yon plan swen evolutif pou ou, k ap adapte a bezwen ou e preokipasyon pèsonèl ou. Nan ekip la gen founisè swen prensipal (doktè oswsa enfimyè), yon enfimyè diplome, yon travayè sosyal, yon nitrisyonis, yon fizyoterapèt, yon ègoterapèt, yon kowòdonatè aktivite, yon kowòdonatè pou swen lakay ou, direktè sant CHA PACE la, yon oksilyè swen pèsonèl epi yon chofè. Y ap itilize konpetans patikilye chak manm nan ekip la pou ka evalye bezwen ou nan kesyon swen sante epi rele lòt espesyalis, si gen nesesite pou sa. Ansanm, nou menm avèk ou ak rezo k ap pran swen ou/fanmi ou ap elabore yon plan swen k ap fèt espesyalman pou ou.

Otorizasyon pou Swen

W ap gen pou w aprann konnen manm ki nan ekip miks ou a byen. Yo pral ede w viv pi an sante e endepandan ke posib. Pou w jwenn sèvis epi/oswa pou CHA PACE peye frè yo, ekip miks lan dwe apwouve tout sèvis sante w yo davans (eksepte pou sèvis mwen an ijans yo). Ekip la ap re evalye bezwen ou yo omwen chak sis mwa, e menm anvan sis mwa si gen nesesite pou sa. Ekip miks ou a kapab apwouve epi refere w pou w resevwa lòt sèvis nan men doktè ak espesyalis ki nan CHA e deyò CHA. Si w pran yon randevou san apwobasyon oswa san akò ak ekip miks lan, oswa ak founisè ki pa nan rezo a, ou ka responsab pou peye pou sèvis sa yo.

Anplasman CHA PACE

W ap resevwa swen sante nan sant CHA PACE nou an ki nan 163 Gore Street, Cambridge; epi gen kèk sèvis ou ka resevwa nan sant swen konplemantè nou an ki nan 195 Canal Street, Malden. Sant PACE nou an polivalan, li ofri w swen sante, manje, aktivite ak okazyon pou w konekte ak lòt moun epi pou w fè nouvo zanmi. Nou pral travay avèk ou e ak rezo swen ou an/fanmi w pou detèmine orè prezans ou epi pou nou pran randevou yo. N ap ba ou transpò pou al chèche w mennen w nan sant lan epi mennen w retounen, amwenske ou prefere yon lòt aranjman.

Founisè Swen Prensipal

Founisè swen prensipal CHA PACE ak lòt doktè yo responsab pou ba w swen e yo fè pati ekip miks ou a. Tout founisè w yo, an tan ke manm ekip miks la, y ap konnen ki sèvis w ap resevwa yo e ki swen yo planifye pou ou.

Dispozisyon Blokaj

Depi w fin afilye nan CHA PACE, ou dakò resevwa sèvis nan men founisè CHA PACE ak founisè ki gen kontra ak CHA PACE sèlman. Ou ka responsab pou peye konplètman e pèsonèlman pou sèvis ki pa otorize ak/oswa ki pa nan rezo a. Si w kalifye pou Medicare ak/oswa Medicaid (MassHealth), CHA PACE ap ranplase pwogram Medicare ak/oswa MassHealth estanda yo. Y ap ba ou tout swen ou bezwen atravè CHA PACE sèlman. W ap resevwa tout sèvis ou t ap resevwa nòmalman si se te ak Medicare ak/oswa MassHealth, e ou ka menm jwenn plis sèvis toujou.

Ou pa p responsab pou w peye pou sèvis dijans. Konsilte seksyon Swen Entansif akljans ki nan Akò Afilyasyon sa a pou w ka jwenn enfòmasyon ki pi espesifik.



Kalifikasyon

Ou kalifye pou afilye nan CHA PACE si w:

- Gen omwen 55 lane
- Kapab rete san pwoblèm nan yon anviwònman kominotè nan moman afilyasyon an san w pa mete sante w ak sekirite w an danje.
- Sètifye pa MassHealth paske w reponn a nivo swen yo mande pou yon sant ki bay swen kouvri swen ou
- Ap viv nan zòn sèvis CHA PACE ki gen kòd postal sa yo:
 - » Konte Middlesex: 02138, 02139, 02140, 02141, 02142, 02143, 02144, 02145, 02148, 02149, 02155, 02238, 02239, 02471, 02472, 02474, 02475, 02476, 02477, 02478
 - » Konte Suffolk: 02129, 02150, 02151

Anplis de reponn a kritè sa yo, ou dwe siyen akò sa a pou w di ou aksepte dispozisyon ki ladan I yo pa ekri. Ou dwe kalifye pou MassHealth ak/oswa Medicare tou oswa peye pèsonèlman kantite kòb ki fikse nan seksyon pèman Akò Afilyasyon sa a. CHA PACE ka refize afilyasyon ou si nou wè sante w ak sekirite w menase si pou w rete lakay ou oswa nan kominote a. Y ap detèmine kalifikasyon an atravè yon evalyasyon swen enfimye y ap fè nan kad yon pwosedi afilyasyon ki gen egzamen ak apwobasyon pa ekip afilyasyon an.

Dat Afilyasyon ak Dat Antre An Vigè Kouvèti a

Afilyasyon nan pwogram CHA PACE la fèt an twa etap:

1. Admisyon
2. Evalyasyon
3. Plan swen Inisyal ak Afilyasyon

Admisyon

Pwosesis admisyon an kòmanse lè ou kontakte CHA PACE oswa yon moun kontakte pou ou. Yon reprezantan sèvis afilyasyon an ap dekri pwogram nou an pou ou epi ap mande w plis enfòmasyon. Apre sa n ap pran yonn oswa plizyè randevou pou vizite w lakay ou pou esplike w pwogram nan epi evalye si w ranpli kondisyon nivo swenyon sant swen.

W ap aprann:

- Kijan CHA PACE fonksyone
- Tip de sèvis CHA PACE ofri yo
- Reponn kesyon ou ka genyen sou CHA PACE yo
- Pandan afilyasyon ou, ou dwe aksepte pou w resevwa tout swen medikal ak swen sante ou sèlman nan CHA PACE oswa nan men founisè sèvis ki gen kontra avèk li yo, eksepte pou sèvis ijans yo.
- Pèman chak mwa ou, si genyen

Si w enterese afilye nan CHA PACE, responsab afilyasyon CHA PACE la ap diskite sou eta sante w ak sekirite w ak lòt manm nan ekip afilyasyon an. CHA PACE ap mande w pou w siyen yon otorizasyon k ap pèmèt nou jwenn dosye medikal ou te genyen deja yo pou ekip nou an ka gen enfòmasyon konplè sou eta sante w. CHA PACE ap mande dosye finansye tou pou ka afilye nan MassHealth.

Evalyasyon

Nan twa semèn, n ap evalye eta sante w ak sekirite w. Ekip afilyasyon an ap reyini pou yo ka pataje kisa yo konkli e pataje ide konsènan swen sante w. Nan rankont sa a n ap deside si w ranpli kondisyon pou yo aksepte w nan pwogram nan, sa vle di, si bezwen ou genyen nan kesyon sante sanble reponn a kritè MassHealth pou nivo swen yon etablisman enfimye epi si w ap viv an sekirite lakay ou oswa nan kominate w la. Sa vle di, evalye si CHA PACE ka reponn a bezwen medikal ou, bezwen enfimye ou bezwen sikolojik e sosyal ou, an kolaborasyon ak fanmi w oswa rezo sipò w la, si w genyen, epi si lefèt ou rete lakay ouswa nan kominate a, sa mete vi w an danje.

Yo ka refize afilyasyon an si lefèt ke ou rete lakay ou oswa nan kominate a, sa mete vi w an danje. Nan ka sa a, pèsonèl CHA PACE yo ap voye yon avi ekri pou ou pou esplike rezon kifè yo refize w la epi y ap oryante w nan lòt sèvis ki koresponn a bezwen ou. Si yo refize w afilyasyon an, ou gen dwa pou w konteste desizyon an, w ap ranpli fòmilè demann odyans ekitab la, w ap voye l pa lapòs oswa pa faks nan espas 60 jou apre w fin resevwa avi a.

Mail: **Board of Hearings - Office of Medicaid
100 Hancock Street, 6th Floor, Quincy, MA 02171**

Fax: **(617) 887-8797**

Phone: **(800) 841-2900 (Ou ka rele Sèvis Kliyan MassHealth la tou pou w ka ranpli fòmilè a pa telefòn)**

TTY: **771**

Afilyasyon

Si w kalife pou CHA PACE, ou menm ak moun k ap okipe ou/fanmi w ap rankontre yon fwa ankò ak responsab afilyasyon an e lot anplwaye nan afilyasyon yo. Nan moman sa a, n ap revize enfòmasyon ki gen rapò ak CHA PACE yo ansanm avèk ou epi n ap reponn tout kesyon ou genyen sou patisipasyon w nan CHA PACE anvan w siyen Akò Afilyasyon an. **Nan rankont sa a, ou menm, fanmi w oswa moun k ap okipe w la ap gen okazyon pou:**

- Poze kesyon sou pèman pa mwa ou a, si genyen.
- Esplike lè w afilye nan CHA PACE, w ap pèdi tout lòtpwogram oswa benefis Medicare oswa Medicaid bay yo.
- Poze kesyon sou si gen posibilité pou resevwa Medicare ak MassHealth nan CHA PACE, epi mande si tout sèvis w ap resevwa kounye a yo ap toujou kontinye nan plan swen w ap genyen an.
- Diskite sou patenarya ou menm ak CHA PACE la, epi mande kijan CHA PACE panse reponn a bezwen ou nan kesyon swen.
- Kisa w dwe fè si w pa satisfè ak sèvis w ap resevwa nan CHA PACE yo (Gade seksyon Apèl ak Reklamasyon ki nan akò sa a)
- Si w deside afilye a CHA PACE, w ap gen posibilité pou siyen Akò Afilyasyon sa a pou w ka aksepte kondisyon afilyasyon yo.

Avantaj ak Kouvèti

Dat Afilyasyon an Antre an vigè

Your benefits coverage begins on the first day of the month following the date CHA PACE received your signed Enrollment Agreement. Your effective date of enrollment is listed on your Enrollment Agreement.

Avantaj ak Kouvèti

CHA PACE ofri plizyè kalite swen. Ekip miks ou a konnen tip de sèvis ki disponib yo, e ansanm avèk ou, y ap deside kiyès ladan yo ki plis koresponn a bezwen ou e preferans ou nan kesyon swen. CHA PACE ofri yon seri avantaj konplè ki anjeneral, gen tout sèvis Medicare ak/oswa Medicaid/MassHealth abitye ofri yo. Majorite sèvis yo, se pèsonèl pwogram PACE la ki bay yo dirèkteman. CHA PACE siyen kontra ak yon kantite espesyalis e lòt etablisman swen sante pou swen espesyalize yo. Gen yon lis founisè sa yo ki disponib si w ta bezwen li. CHA PACE ba w garanti w ap jwenn sèvis, men yo paka garanti w yon founisè an patikilye.

Avantaj annapre yo kouvri a san pou san lè ekip miks la detènine si yo nesesè e yo apwouve yo anvan yo bay yo. Pou ka ijans ki rive Etazini ak sou teritwa li yo, li pa nesesè pou apwouve ijans lan.

Swen Melanje PACE

Tout patisipan yo ap resevwa yon evalyasyon inisyal konplè ak yon plan swen nan moman y ap afilye aepi yo re evalye li chak sis mwa oswa si souvan menm, si gen nesesite pou sa. Yo revize plan swen an epi aktyalize li pandan evalyasyon an. CHA PACE bay swen melanje lakay epi nan sant PACE li a ki Cambridge la, epi swen nan lòt sant swen konplemantè li a ki Malden. Remake ke tout sèvis yo gendwa pa disponib nan tout sit yo, lakay, elatriye. Nan swen melanje yo gen:

- Swen medikal debaz, ki gen sèvis doktè ak enfimyè
- Sèvis sosyal ak sante mantal
- Terapi pou reparasyon, enkli fizyoterapi ak ègoterapi
- Jou swen pou majè
- Terapi aktivite ak Iwazi
- Konsèy sou nitrisyon ak manje
- Swen pèsonèl ak sèvis sipò
- Kowòdonatè swen ak travay sosyal

Swen sante Pèsonèl ki pa anplwaye PACE bay (swen san entène)

- Sèvis medikal espesyalize tankou anestezyoloji, kadyoloji, odontoloji, dèmatoloji, gastwo antewoloji, jinekoloji, medsin entèn, nefwoloji, newo chiriji, onkoloji, oftalmoloji, chiriji nan bouch, chiriji òtopedik, otorinolarengeoji, rimatoloji, sikuatri, nemoloji, radyoloji, chiriji jeneral, chiriji torasik ak chiriji vaskilè epi iwoloji men ki pa limite a sa yo sèlman.
- Tès laboratwa, radyografi, ak lòt pwosedi dyagnostik yo
- Medikaman ak preskripsyón ak medikaman san preskripsyón yon founisè nan rezo a preskri e pou pran nan yon famasi nan rezo a. Remake byen, depi w fin afilye, CHA PACE vin plan asirans medikaman Pati D ou.
- Sèvis Konsèy nan Famasi
- Pwotèz, òtèz, ekipman medikal dirab epi reparasyon
- Podoloji ak swen woutin pou pye
- Sèvis sante mantal, enkli twoub ki lye a itilizasyon sibtans toksik
- Swen vizyèl, ki gen egzamen, tretman ak akseswa korektif tankou linèt
- Odyoloji, enkli aparèy oditif, reparasyon ak mentnans

Sèvis nan Lopital (Pasyan entène)

- Sèvis pou pasyan ki entène yo se sèvis dyagnostik oswa sèvis tretman yo ba yon patisipan CHA PACE nan yon lopital kote yo entène li. Ladan yo gen chanm ak manje semi prive
- Sèvis medikal ak sèvye enfimye jeneral
- Inite swen kowonaryen medikal, chirijikal ak entansif
- Swen nan sal ijans ak sèvis nan sal tretman
- Tès laboratwa, radyografi, ak lòt pwosedi dyagnostik yo
- Medikaman ak pwodui biyolojik
- San ak derive san
- Swen chirijikal, tankou anestezi
- Itilizasyon oksijèn
- Fizyoterapi, òtofoni, ègoterapi ak terapi respirasyon
- Sèvis mediko sosyal ak planifikasyon pou egzeyat
- Anbilans

Swen pou pasyan entène yo pa enkli chanm prive, swen enfimye prive, oswa sèvis ki pa sèvis medikal tankou frè telefòn, amwenske ekip miks lan otorize yo. Swen siperyè yo pa disponib nan CHA, men klinik afilye CHA a, Beth Israel Deaconess Medical Center kapab bay swen sa yo.

Swen Lakay

- Tout swen entè disiplinè CHA yo eksepte jou swen pou majè, travay sosyal, elatriye.
- Swen pèsonèl ak sèvis èd a domisil
- Sèvis èd menajè/sèvis gad timoun
- Manje livre a domisil ak rejim espesyal
- Sistèm Entèvansyon Dijans Pèsonèl
- Livrezon medikaman lakay ou, si w bezwen sa

Sèvis ki Lye a Lasante

- Transpò pou ale nan randevou medikal yo ak akonpayman
- Sèvis tradiksyon pou randevou medikal
- Asistans pou jesyon prestasyon yo

Rezidans pou Granmoun

- Chann semi prive ak manje
- Sèvis doktè ak enfimyè
- Swen gad (alontèm)
- Swen pèsonèl ak asistans
- Medikaman ak pwodui biyolojik
- Fizyoterapi, òtofoni, ègoterapi ak terapi rekreyasyon
- Sèvis mediko sosyal
- Founiti medikal

Swen pou pasyan nan rezidans pou granmoun yo pa enkli chann prive, swen enfimye prive, oswa sèvis ki pa sèvis medikal tankou frè telefòn, amwenske ekip miks lan otorize yo.

Li posib pou ekip miks la, nan konsiltasyon avèk ou, fanmi w oswa moun k ap okipe w, la detèmine plasman akoutèm oswa alontèm nan yon sant swen ak plan swen ki plis koresponn a sitiyasyon ou an. Si sa rive, se paske Ekip miks CHA PACE la ap sipèvize plasman sa a avèk swen epi patisipasyon w nan pwogram nan ap kontinye.

Sèvis Palyatif ak Sèvis nan Fen Lavi

Swen palyatif la se swen yo bay yon moun ki pa swete resevwa tretman ankò pou trete maladi li. Ekip miks CHA PACE la ap travay avèk ou pou kontwole doulè ak lòt tretman pou yo ka garanti konfò ou ak trankilate espri w.

Nou vle asire nou tou ke, lè moman an rive, w ap resevwa pi bon swen nan fen lavi w. Ekip miks CHA PACE la ap travay avèk ou, fanmi w oswa moun k ap okipe w la pou reponn a bezwen ou epi fè tout sa w swete. Yo ka bay swen sa a plizyè kote, tankou lakay ou, lakay yon lòt moun oswa nan yon etablisman swen. CHA PACE ap rete enplike nan swen w ap resevwa pou tout rès vi w. Pami avantaj yo gen tout sa yo dekri pi wo a epi sipò espirityèl ak emosyonèl.

Swen Entansif ak Ijans

SI GEN IJANS, RELE 911

Yon ijans se yon blesi oswa yon maladi britsoukou ki grav (enkli gwo doulè), pou yon moun ki pa gen fòmasyon medikal, men ki ase pridan e ki rezonab, rekòmande swen medikal touswit paske si moun nan pa jwenn swen sa yo, ka mete sante w an gwo danje e menm riske domaje ògàn ou gravman oswa deteryore fonksyònman kò ou.

Li pa yon obligasyon pou w gen yon otorizasyon davans pou jwenn tretman nan ijans medikal. CHA PACE ap toujou peye pou sèvis ijans nan Etazini ak sou teritwa li yo, ke ou nan zòn sèvis CHA PACE ouswa ou deyò zòn nan. Si w gen dout sou si yon pwoblèm ijan ou non, ou ka rele CHA PACE nan (617) 575-5850.

Swen ki pa Ijan nan lè ki pa lè travay regilye

Lè w bezwen konsèy oswa tretman pou yon blesi oswa yon maladi ki paka rete tann lè yo ouvri nòmalman, gen yon doktè ak/oswa yon enfimyè ki disponib 24 sou 24, 365 jou nan ane a pou swen ki pa ijan yo. Pou swen ijans nan lannuit, tanpri rele nan (617) 575-5850.

Apre w fin resevwa sèvis ijans

Ke ou nan zòn sèvis nou, ke ou deyò, rele CHA PACE pi vit ke posib apre w fin resevwa sèvis di-jans nan yon sal dijans pou ekip miks la ka jere swen swivi ou yo. Si w pa nan rejyon an epi gen yon doktè ki sètifye ou ka vwayaje san pwoblèm, ekip miks ou a kapab mande pou w retounen nan zòn sèvis la pou w ka resevwa swen swivi.

Soti nan Zòn Swen entansif la

Swen entansif la se swen ou bezwen lè w pa nan zòn sèvis CHA PACE paske maladi w la oswa blesi w la twò grav pou repòte tretman w lan pou lè w retounen nan zòn sèvis la, men ou pa kwè se yon ijans ki mete lavi w an danje. Si w santi w bezwen swen entansif, men se pa yon ijans, CHA PACE ap fè aranjman pou w jwenn sèvis sa yo. Si w pa nan zòn sèvis la epi w bezwen swen entansif, rele CHA PACE nan (617) 575-5850. Swen entansif yo ap apwouve nan inèdtan apre CHA PACE fin resevwa notifikasyon an. Si nou pa fè anyen nan espas inèdtan, oswa si yo paka kontakte nou pou jwenn apwobasyon an, apwobasyon an ap bay pa defo.

Si w rele CHA PACE nan aswè, sèvis repons CHA PACE la ap kontakte yon founisè CHA k ap di w kisa ou dwe fè epi ede w jwenn swen ou gen bezwen. Yon pwofesyonèl sante disponib 24 sou 24, 365 jou pa ane. Si w resevwa swen entansif pandan w pa nan zòn sèvis la, kontakte CHA PACE kou w jwenn chans lan sou (617) 575-5850.

Si w resevwa yon Bòdwò

Si w resevwa yon bòdwò oswa si w peye yon bòdwò pou sèvis dijans, swen entansif, sèvis deyò rejyon an oswa sèvis ki mande pou w gen otorizasyon davans, voye bòdwò a oswa resi bay CHA PACE pou yo ka analize pèman an. Yo dwe voye resi yo bay ekip miks la.

Blesi nan Aksidan

Si w blese e se yon lòt moun ki lakoz, nan yon aksidan machin pa egzant, e ou bezwen lòt swen medikal, CHA PACE ap ba ou swen adisyonèl sa a.

Men, si w te pran lajan nan menm moun sa a ki frape w la, oswa si gen yon moun ki ba ou lajan pou li, tankou yon konpayi asirans pa egzant, CHA PACE gen dwa pran kantite lajan li depanse pou ou pou ba w swen medikal yo nan lajan sa a ou te resevwa paske w te fraktire a.

Règ ak règleman sa yo ap aplike nan kad prestasyon Medicare ak/oswa MassHealth ou yo.

REMAKE: ou dwe enfòme CHA PACE si w enplike nan yon aksidan.

Esklizyon ak Limit nan Sèvis yo

CHA PACE gen obligasyon pou ba ou tout sèvis Medicare ak sèvis MassHealth yo si ekip miks la wè yo nesesè. Men, gen nan sèvis yo yo pa kouvri.

Pami sèvis CHA PACE pa kouvri yo w ap jwenn:

- Chiriji estetik, y ap kouvri li sèlman si li nesesè pou amelyore yon pati nan kò ou ki te defòme apre yon aksidan oswa pou yon rekonstriksyon apre yon mastektomi (operasyon nan tete)
- Pwosedi medikal, chirijikal oswa lòt pwosedi sante y ap fè eksperyans ak yo
- Nenpòt sèvis ou resevwa deyò etazini eksepte nan kèk ka règleman federal yo ak plan Medicaid (MassHealth) la otorize (Etazini gen 50 eta, Commonwealth Pòtoriko, Zile Vyèj yo, Guam, Samoa Ameriken yo epi Zile Maryàn nan Nò yo).

Swen nan Sant

Si a yon moman, ekip miks lan deside ansanm ak ou epi moun k ap okipe ou/fanmi w ke ou paka jwenn swen an sekirite lakay ou, li posib pou yo entène w nan yon sant swen. Plasman an kapab se pou yon peryòd tou kout, e si gen nesesite pou sa, li kapab alontèm. CHA PACE pase kontra ak plizyè sant swen kote yo resevwa patisipan CHA PACE yo pou ba yo swen akoutèm oswa alontèm. Kontra sa yo kapab chanje.

An tan ke patisipan nan CHA PACE, ou aksepte pou w entène pou resevwa swen akoutèm e alontèm nan yonn nan sant swen nou yo si gen nesesite pou sa. Pa gen okenn garanti yo ka entène w nan sant ou prefere a. Plan an depann de ki kote ki gen kabann disponib. Si w chwazi yon rezidans pou granmoun deyò espas ki sou kontra yo san otorizasyon ekip miks lan, ou ka responsab pou peye frè pou sèvis CHA PACE pa otorize yo pèsonèlman.

Sansibilizasyon nan rekiperasyon byen

Lalwa federal fè MassHealth obligasyon pou rekiperere lajan nan men fanmi kèk manm ki gen 55 lane oswa plis. Pou plis enfòmasyon sou rekiperasyon byen MassHealth yo, vizite www.mass.gov/estaterecovery.

Pataj Depans pou Swen nan Sant yo

Si w se yon manm MassHealth epi ekip miks la detèmine ou bezwen yon plasman akoutèm nan yon sant swen epi n ap atann nou w ap ka reprann yon vi otonòm e san okenn risk nan kominote a, ou ka rete nan nivo kalifikasyon finansye, kominote MassHealth la padan tan sa a pou w ka mentni rezidans ou nan kominite a, peryòd sa a pa ta dwe depase fen sisyèm mwa a apre mwa afilyasyon an kèlkeswa pwononstik ki fèt pou w retounen lakay ou lè peryòd sis mwa a fini.

Pandan peryòd sa a e si sa aplike, w ap kontinye peye montan franchiz kominotè MassHealth la (depans) dirèkteman bay CHA PACE. Si yon lè nou detèmine ou bezwen yon rezidans pèmanan nan sant swen an, w ap oblige patisipe nan depans pou swen nan sant la. Tout resous mansyèl yo, ki gen ladan yo Sekirite Sosyal ak pansyon, vin ka peye nan sant swen an, mwens yon otorizasyon swen pèsonèl mansyèl (leta a detèmine) w ap ka retire. Si ou vin yon rezidan pèmanan nan yon sant swen, ou p ap elijib ankò pou asistans SSI epi pèman sa yo ap sispann. Tout depans pèman pataje yo dwe fèt nan sant lan sou diyèm jou a chak mwa. Si ou menm ak/oswa moun k ap okipe ou/fanmi ou gen kesyon konsènan pèman ak pwosedi sa yo, tanpri, mande pèsonèl CHA PACE la ki pral byen eksplike ou pwosesis la pou w fè pèman yo nan etablisman enfimri an.

Pataj depans pou swen nan sant yo pou lòt patisipan yo ak kontinye rete konsa:

- Si w kalifye pou Medicare Pati A oswa Pati B sèlman, w ap kontinye peye CHA PACE yon kantite kòb chak mwa ki egal a Medicare Pati B anplis montan kapitasyon MassHealth la.
- Si w kalifye pou Medicare Pati B a sèlman, w ap kontinye peye CHA PACE yon kantite kòb chak mwa ki egal a Medicare Pati A an anplis montan kapitasyon MassHealth la.

Pèman pa Mwa

Medicare ak MassHealth oswa MassHealth Sèlman

Si w kalifye pou Medicare ak MassHealth, oswa pou MassHealth sèlman, ou pa p genpou peye CHA PACE prim pa mwa e w ap kontinye benefisyé tout sèvis CHA PACE yo, enkli medikaman sou preskripsyon yo. Ou pa p gen pou peye okenn kotizasyon pou sèvis yo.

Medicare ak MassHealth ak yon Obligasyon Franchiz (SDepans) Obligation

Si w kalifye pou Medicare ak tout MassHealth, men ou gen yon obligasyon franchiz, w ap peye CHA PACE yon kantite kòb chak mwa ki egal a kantite obligasyon franchiz (depans) ou a. Se MassHealth sèlman ki detèmine obligasyon sa a e li baze sou enfòmasyon ki gen rapò a revni ou te soumèt ak demann afilyasyon bay MassHealth la.

Medicare A ak B Sèlman

ISi w gen Medicare Pati A ak Pati B epi w pa kalifye pou MassHealth, w ap peye CHA PACE yon prim chak mwa, se eta Massachusetts k ap deside konbyen l ap ye. Prim mansyèl \$_____ ou a kòmanse le_____ (dat). Kòm prim sa a pa enkli pri kouvèti medikaman ak preskripsyon Medicare (pati D) yo, ou dwe peye yon prim mansyèl anplis pou kouvèti medikaman ak preskripsyon Medicare yo pou yon montan \$_____.

Medicare A oswa B Sèlman

Si w gen Medicare Pati A ak Pati B epi w pa kalifye pou MassHealth, w ap peye CHA PACE yon prim chak mwa, se eta Massachusetts k ap deside konbyen l ap ye. Se Leta nan Massachusetts ak Medicare ki deside ki kantite lajan w ap peye. Prim mansyèl \$_____ ou a kòmanse le _____ (dat). Kòm prim sa a pa enkli pri kouvèti medikaman ak preskripsyon Medicare (pati D) yo, ou dwe peye yon prim mansyèl anplis pou kouvèti medikaman ak preskripsyon Medicare yo pou yon montan \$_____.

Sanksyon pou Afilyasyon an Reta nan yon Plan Asirans medikaman ak preskripsiyan

Note ke si w kalifye pou kouvèti medikaman ak preskripsiyan Medicare (Pati D) epi ou afilye nan CHA PACE apre yo fin retire kouvèti medikaman ak preskripsiyan Medicare ou, oswa apre w fin benefisyè yon kouvèti ki enferyè oswa egal a kouvèti medikaman Medicare la pandan 63 jou yonn dèyè lòt oswa plis jou, petèt w ap gen pou peye yon montan mansyèl ki plis pou kouvèti medikaman ak preskripsiyan Medicare yo. Ou kapab kontakte pèsonèl CHA PACE la pou plis enfòmasyon pou w konnen si sa a aplike pou ou.

Si w kalifye pou Medicare, ou dwe kontinye peye Social Security Administration (SSA) montan mansyèl Pati B Medicare la pou w ka konsève kalifikasyon ou nan Medicare. Yo retire kòb sa a sou chèk sekrite sosyal ou chak mwa otomatikman. Si w kalifye pou Medicare, MassHealth oswa montan franchiz MassHealth (depans) ou a chanje pandan w se yon patisipan nan CHA PACE, y ap ajiste pèman pa mwa ou a pou li ka reflete chanjman an.

Enstriksyon kijan pou Peye CHA PACE

Si w peye CHA PACE chak mwa, ou dwe fè l pou pi ta, premye jou nan mwa pwochen apre w fin siyen Akò Afilyasyon an. Apre sa, sa w ap gen pou peye chak mwa nan premye jou a. Ou ka peye pa chèk oswa yon manda sou non:

Mailing Address:

**CHA PACE, Attn: Accounting
350 Main St., 5th Floor
Malden, MA 02148**

Fen Avantaj yo

Yo ka koupe avantaj ou yo nan CHA PACE si w deside soti nan pwogram nan, (volontèman) oswa si w pa ranpli kondisyon yo ankò (envolontèman). Ou dwe kontinye itilize sèvis CHA PACE yo epi kontinye peye, si w gen pou fè sa, jiskaske avantaj yo kanpe, e nou menm n ap kontinye bay sèvis yo jiskaske moman sa a rive. CHA PACE ap ba ou enfòmasyon sou konsekans k ap genyen si w al afilye nan lòt pwogram konplémentè Medicare oswa nan MassHealth lè w soti nan CHA PACE.

Sòti Volontè

Ou kapab chwazi soti nan CHA PACE nenpòt lè w vle, e pou kèlkeswa rezon an oswa menm lè w pa gen okenn rezon pou w soti. Si w vle soti, fè CHA PACE konn sa tanpri. CHA PACE ap mande w pou w siyen yon fòmilè non afilyasyon ki di ou pa kalifye pou sèvis CHA PACE yo ankò. Anplwaye CHA PACE yo ap ede w afilye nan yon novo plan sante. Dat ofisyèl ou soti a ap premye jou nan mwa ki vini apre yo resevwa demann ou an.

Remake: Ou paka afilye ni soti nan CHA PACE nan yon Biwo Sekirite Sosyal.

Avi Enpòtan

Si w afilye nan yon lòt plan pre peye Medicare oswa Medicaid oswa yon lòt prestasyon opsyonèl, enkli yon Medicaid HMO, hospice, yon plan Medicare Advantage, yon plan Medicare pou medikaman ak preskripsiyan oswa sèvis lakay ou oswa sèvis kominotè, pandan w se yon patisipan nan CHA PACE, y ap konsidere w soti volontèman nan pwogram nan. Si w pa kalifye pou Medicare nan moman ou afilye nan CHA PACE la epi ou kalifye apre ou fin afilye, y ap retire w nan CHA PACE si w chwazi pran yon lòt kouvèti Medicare apre sa CHA PACE ap ofri a.

Sòti Envolontè

CHA PACE ka retire w pou rezon sa yo:

- W al rete deyò rejon sèvis CHA PACE la, oswa ou deyò rejon sèvis la pou plis pase 30 jou yonn dèyè lòt, eksepte si CHA PACE aksepte yon absans ki pi long akoz kèk sikonstans patikilye.
- Ou se yon moun konpòtman w mete sante w oswa sekirite w; oswa sante ak sekirite lòt moun an danje.

Ou se yon moun ki gen tout kapasite li pou pran desizyon epi w pa respekte pwogram swen ou yo, espesyalman ou pa vle swiv konsèy doktè a oswa ou toujou ap rate randevou yo pran pou ou yo.

Ou se yon moun ki kapab pran desizyon e ki pa respekte Akò Afilyasyon an.

- Konpòtman yon fanmi w oswa yon moun k ap okipe w mete sante w oswa sekitire ou menm, sekirite moun k ap okipe w la oswa lòt moun an danje.
- Ou paka peye oswa ou pa pran dispozisyon ki apwopriye pou peye CHA PACE tout prim ou dwe li yo, tout obligasyon rediksyon depans Medicaid ki aplikab yo oswa kantite ou dwe nan kad kotizasyon ou nan depans yo apre yon delè gras ki dire 30 jou.
- Ou pa reponn a egzijans MassHealth yo ankò nan kesyon nivo swen nan sant pou swen yo epi yo konsidere w pa kalifye ankò.
- CHA PACE pèdi kontra ak/oswa lisans ki pèmèt li ofri swen sante yo.
- CMS ak/oswa MassHealth pa renouvre kontra li genyen avèk CHA PACE la oswa si yo koupe kontra yo.

CHA PACE fè tout efò li pou kolabore ak ou pou rezoud tout pwoblèm ki ta ka lakoz ou kite pwogram nan san w pa vle. Soti envelopontè yo pran efè premye jou nan mwa pwochen an ki kòmanse 30 jou apre jou CHA PACE te voye avi ki di ou soti an pou ou. MassHealth dwe revize e apwouve tout soti envelopontè yo. Si w kalifye pou Medicaid, ou ka konteste sòti envelopontè w la atravè pwosedi Odyans Ekitab Leta a.

Si w pa kalifye pou Medicaid, ou ka konteste atravè yon revizyon administratif pa Office of Long-Term Services and Supports [Biwo Sipò ak Sèvis Alontèm]. Si w soti, CHA PACE ap travay avèk ou pou oryante w bay lòt founisè swen medikal nan kominote w la, epi n ap mete dosye medikal ou yo disponib pou lè w bezwen yo. N ap kolabore ak Medicare epi ak MassHealth pou ede w pase a yon pwogram apwopriye ou kalifye pou li.

Dispozisyon sou Renouvèlman

Si w sòti oswa yo mete w deyò, ou ka fè yon lòt demann afilyasyon nan CHA PACE pou w ka re afilye si w ranpli kondisyon kalifikasyon yo. Si yo te retire w paske w pa t peye oswa ou pran dispozisyon pou w peye tout kòb ou dwe CHA PACE nan yon delè de gras 30 jou, ou ka fè yon nouvo demann afilyasyon nan CHA PACE pou w re afilye si w ranpli kondisyon kalifikasyon yo epi si w peye CHA PACE tout kòb ou dwe li yo.

Pwosedi Reklamasyon ak Kontestasyon pou Patisipan

Pwosesis Reklamasyon

Yon reklamasyon se yon plent ekri oswa aloral, kote ou eksprime fristrasyon ou pou sèvis yo ba ou oswa kalite swen yo ba ou a. Ou gen dwa pou fè reklamasyon pou tout sa ki gen pou wè ak swen ou. Tout moun nan CHA PACE pataje responsabilite pou yo asire yo ke ou satisfè ak swen w ap resevwa yo. Nou ankoraje w fè revandikasyon ou pase menm kote ou pa santi w satisfè a. Si w pa pale anglè, y ap jwenn yon anplwaye oswa yon volontè ki pale plizyè lang k ap kapab fasilité w fè revandikasyon ou pase. CHA PACE ap ba ou enfòmasyon ekri sou pwosedi règleman pou fè reklamasyon yo lè w ap afilye epi apre sa, omwen chak ane.

Men kèk egzanp de reklamasyon posib:

- Kalite sèvis w ap resevwa lakay ou yo, nan sant lan, pandan w entène lopital, nan sant swen kalifye yo oswa nan yon rezidans pou granmoun
- Erè ou estime yo te fè
- Tann anpil nan telefòn, nan sal datant oswa nan sal egzamen
- Konpòtman yonn nan pwofesyonèl sante oswa anplwaye ou yo
- Kalite Sant yo
- Kalite manje yo bay yo
- Kalite sèvis transpò a

Men ki pwosedi règleman pou rezoud revandikasyon yo:

Ou ka ekri oswa diskite revandikasyon ou yo ak nenpòt anplwaye CHA PACE. Bay enfòmasyon konplè pou anplwaye ki gen konpetans yo kapab rezoud pwoblèm ou an a tan. Ou ka kontakte nou pou w pataje revandikasyon w ak nou sou:

Mailing Address:	CHA PACE 163 Gore Street, Cambridge, MA 02141
E-mail:	pace_compliance@challiance.org
Phone:	(617) 575-5850

- CHA PACE ap diskite ak ou, epi l ap remèt ou yon fòmilè “Resepsyon Revandikasyon” ki gen etap espesifik y ap franchi pou rezoud revandikasyon ou lan, tankou pa egzanp, delè pou yo reponn ou.
- di revandikasyon an ijan e Direktè sant lan paka resoud li byen rapid, Manadjè Kalite CHA PACE la oswa direktè ekzekitif la kapab fè yon entèvansyon.
- Pandan tout pwosesis reklamasyon an, y ap pwoteje konfidansyalite ou, fanmi w, oswa moun k ap okipe w lan.
- Pandan pwosesis reklamasyon an, CHA PACE ap kontinye ba ou tout sèvis ou bezwenyo, jan yo parèt nan plan swen ou an.
- Nan tout ka yo, revandikasyon an ap rezoud nan 30 jou apre anplwaye yo resevwa reklamasyon an e ou resevwa lèt “Repons a Revandikasyon” ou lan.
- Si w pa satisfè ak rezolisyon ki idantifye nan lèt la, ou ka soumèt yon demann alekri apre trant jou pou w mande Direktè Ekzekitif CHA PACE la fè yon evalyasyon pou ou.

Pwosesis Apèl la

A Tout pèsonèl la nan CHA PACE gen responsabilite ansanm avèk ou, fanmi ou oswa moun k ap okipe w lan pou ofri ou sèvis swen medikal global ki idantifye nan Plan Swen w lan jan ekip miks la otorize li an. Yon apèl se mezi ou kapab pran an lè ou pa dakò ak desizyon CHA PACE pran pou li pa kouvri oswa pou li pa peye yon sèvis ou te mande.

CHA PACE ap ba ou enfòmasyon sou pwosedi apèl yo nan moman afilyasyon an, omwen yon fwa pa ane apre sa, epi chak fwa nou refize demann sèvis oswa demann pèman pou yon sèvis.

Gen de (2) kalite apèl entèn, nòmal ak akselere.

N ankouraje ou, fanmi w oswa moun k ap okipe w la pou kontakte yon manm ekip miks la lè w panse CHA PACE:

- Refize demann demaraj, modifikasyon oswa demann pou pouswiv a sèvis ou a; oswa
- Refize demann pèman pou sèvis ou jije ki nesesè yo.

Pwosesis Apèl Nòmal Entèn

Ou ka ekri oswa diskite de apèl ou a ak nenpòt anplwaye CHA PACE. Ou ka kontakte nou pou apèl ou a nan:

Mailing Address:	CHA PACE 163 Gore Street, Cambridge, MA 02141
E-mail:	pace_compliance@challiance.org
Phone:	(617) 575-5850

- Anplwaye CHA PACE la ap diskite sou detay yo avèk ou, ede ou nan pwosesis apèl la epi kowòdone pwochen etap ki pou pran pou rezoud apèl la.
- Yon antite endependan ki gen kalifikasyon pou fè revizyon nan domèn oswa disiplin ki konsène nan apèl ou a, ki pa t enplike nan aksyon inisyal la ni ki pa gen okenn enterè nan dezisyon k ap pran pou apèl ou a ap analize li.
- Tout moun ki enplike nan apèl la y ap gen posibilite rezonab pou prezante prèv ki gen rapò a litij la an pèsòn oswa alekri.
- Pandan tout pwosesis apèl la, y ap pwoteje konfidansyalite ou, fanmi w, oswa moun k ap okipe w lan.
- Pandan pwosesis apèl la, CHA PACE ap kontinye ba ou tout sèvis obligatwa ki idantifye yo nan Plan Swen w lan jan ekip miks la otorize yo a.
- Pou patisipan MassHealth yo, CHA PACE ap kontinye bay sèvis ki an kontestasyon yo jiskaske yo pran yon desizyon final, si kondisyon sa yo respekte:
 - » CHA PACE pwopoze sispann oswa redui sèvis l ap ba ou kounye a.
 - » Ou mande pou sèvis yo kontinye men ou konnen ou gen dwa responsab pou w peye pou sèvis ki an kontestasyon yo si desizyon yo pa soti an favè ou.
- CHA PACE ap rezoud e reponn tout apèl nòmal yo ak rapidite eta sante w egzije a, pou pi plis, nan 30 jou sivil apre yo fin resevwa apèl la.

Pwosesis Apèl Akselere

CHA PACE gen yon pwosesis apèl akselere pou sitiyasyon kote ou menm ak/oswa fanmi ou, oswa moun k ap okipe w lan kwè lavi ou, sante ou, oswa kapasite ou pou rekòmanse fonksyone a san pou san ap an gran danje, si yo pa t ba ou sèvis ki an litij la.

Nan ka yon Pwosesis Apèl Akselere:

- CHA PACE ap reponn apèl la menm jan sa dekri nan pwosesis apèl nòmal la, ak rapidite eta sante w egzije a, men pa pi ta passe 72 èdtan apre nou fin resevwa apèl la.
- CHA PACE gen dwa pwolonje delè 72 èdtan an rive jiska 14 jou sivil pou nenpòt nan rezon sa yo:
 - » Ou mande pwolongasyon an; oswa
 - » CHA PACE jistifye devan MassHealth nesesite pou li gen plis enfòmasyon ak jan tan anplis la nan enterè ou.

Desizyon Apèl

Si desizyon an ta soti an favè ou, CHA PACE ap bay sèvis ki an litij la(yo) ak rapidite eta sante w egzije a. Si l pa konplètman an favè ou, CHA PACE ap voye yon notifikasyon ekri pou ou sou refi a. Nan notifikasyon an ap gen rezon espesifik kifè yo refize a(yo), yon esplikasyon de pou ki rezon sèvis yo pa t ap amelyore oswa pa t ap garanti eta sante w an jeneral, enfòmasyon sou dwa ou genyen pou fè apèl a desizyon an epi yon deskripsyon de dwa ou genyen pou fè apèl ekstèn jan Medicare oswa Medicaid prevwa sa.

Pwosesis Apèl Ekstèn

Si yo te refize apèl entèn ou an konplètman oswa pasyèlman, ou gen dwa pou w fè yon lòt apèl jan Medicare oswa Medicaid prevwa sa. Pwosedi w ap itilize a pral depann de elijibilite w. Si w gen Medicare ak Medicaid, ou ka chwazi yonn oswa lòt, men ou pa p ka chwazi tou lè de. CHA PACE ka ede w deside ki pwosedi pou w itilize.

Medicare

Si w gen Medicare, ou kapab chwazi itilize pwosedi apèl ekstèn Medicare la pa antite revizyon endepandan (sig an anglè IRE) Medicare ap angaje a. Ou dwe adrese yon demann revizyon ekri a IRE a nan 60 jou sivil apati de dat antite endepandan an te pran desizyon an. CHA PACE kapab ede w prepare apèl ekstèn Medicare ou a.

Medicaid/MassHealth

Si w deside antame dezyèm nivo apèl sa a, ou dwe ranpli yon fòmilè demann odyans ekitab epi voye li pa lapòs oswa pa faks, pou pi ta, nan 60 jou sivil apati de dat antite endepandan an te pran desizyon an.

Mail:	Board of Hearings - Office of Medicaid 100 Hancock Street, 6th Floor, Quincy, MA 02171
Fax:	(617) 887-8797 (Ou ka rele Sèvis Kliyan MassHealth la tou pou w ka ranpli fòmilè a pa telefòn)
Telefòn:	(800) 841-2900
TDD/TTY:	711

Ou ka tann pou Biwo Ekzekitif Sante ak Sèvis Sosyal ak Komisyon Odisyon pou Sèvis Sosyal la enfòme ou de dat, lè ak ki kote odyans lan ap dewoule omwen dis jou sivil anvan odyans lan. Ou gen dwa resevwa asistans nan odyans la e si ou pa pale anglè byen, Komisyon Odyans la ap ba ou yon entèprèt.

Dwa ou nan Pwogram Swen Konplè pou Granmoun

Lè w antre nan yon pwogram CHA PACE, gen dwa ak pwoteksyon ou genyen. CHA PACE, an tan ke pwogram PACE ou, li dwe esplike epi bay ou menm oswa yon moun k ap aji nan non ou, tout dwa ou genyen pou konprann nan moman w ap afilye nan pwogram nan.

Nan CHA PACE, nou pran angajman pou nou ba ou bon jan swen sante a pou w ka rete pi endepandan posib. Li enkli pou bay tout sèvis Medicare ak Medicaid kouvri yo, ak lòt sèvis ekip miks la wè ki nesesè nan tout anviwònman swen yo, 24 sou 24, 7 jou sou 7.

Anplwaye ak kontraktan nou yo ap fè efò pou respekte diyite ak valè chak patisipan nan garanti yo dwa sa yo:

Ou gen dwa pou yo trete w ak respè.

Ou gen dwa pou yo trete w tout tan ak diyite e ak respè, pou tout swen ou yo rete konfidansyèl e prive, epi pou w resevwa swen ak konpasyon e ak atansyon. Ou gen dwa:

- Pou w jwenn tout swen ou bezwen nan yon anviwònman ki fyab, pwòp e ki aksesib.
- Pwoteje de tout menas. Pami yo gen eksè nan medikaman, abi fizik oswa mantal, neglijans, pinisyon fizik, lefèt ke yo kite w pou kont ou san w pa t vle epi tout kontrent fizik oswa chimik yo itilize sou ou pou rezon disiplin oswa pou satisfaksyon anplwaye yo ak lè w pa vle trete sentòm medikal ou yo.
- Pou yo ankouraje w e ede w itilize dwa ou nan kad pwogram CHA PACE la.
- Pou jwenn èd si w bezwen, pou w ka itilize pwosedi plent ak apèl Medicare ak Medicaid yo, ak dwa sivil ou epi lòt dwa legal ou yo.
- Pou yo ankouraje w epi ede w pale ak anplwaye CHA PACE yo sou chanjman ki ta dwe fèt nan prensip ak sèvis yo selon ou menm.
- Pou itilize yon telefòn pandan w nan Sant CHA PACE la.
- Pou pa gen pou travay pwogram CHA PACE a oswa rann li sèvis.

Ou gen dwa pou jwenn pwoteksyon kont diskriminasyon.

Diskriminasyon se yon zak ilegal. Tout konpayi oswa ajans k ap travay ak Medicare e Medicaid yo dwe respekte lalwa. Yo paka fè diskriminasyon ak ou poutèt:

- Ras
- Etnisite
- Nasionalite
- Relijyon
- Laj
- Sèks
- Andikap fizik oswa mantal
- Oryantasyon Seksyèl
- Sous pèman pou swen sante w (Pa egzanp, Medicare oswa Medicaid)

Si w panse w te viktim diskriminasyon pou yonn nan rezon sa yo, kontakte yonn nan manm pèsonèl pwogram CHA PACE yo l ap ede w rezoud pwoblèm nan.

Si w gen kesyon, ou ka rele Biwo Dwa Sivil la nan 1-800-368-1019. moun ki itilize TTY yo dwe rele sou 1-800-537-7697.

Ou gen dwa pou jwenn enfòmasyon ak asistans.

Ou gen dwa pou w jwenn enfòmasyon ki egzat e ki fasil pou konprann, e ou gen dwa tou pou mande yon moun ede w pran bon desizyon nan kesyon swen sante. Ou gen dwa:

- Pou w jwenn yon moun ede w pou w konprann enfòmasyon y ap ba ou yo si w gen pwoblèm langaj oswa pwoblèm komunikasyon.
- Pou pwogram CHA PACE la entèprete enfòmasyon yo nan lang ou prefere a pouy li adapte kiltirèlman, si lang matènèl ou pa anglè epi w pa gen yon nivo anglè ki avanse ki pèmèt ou konprann enfòmasyon y ap ba ou yo.
- Pou w jwenn dokiman maketing ak dwa patisipan yo nan CHA PACE an anglè ak nan tout lòt lang ou souvan itilize nan kominote w la. Pou w jwenn dokiman sa yo nan lang Bray tou si w bezwen.
- Jwenn esplikasyon konplè sou Akò Afilyasyon an pou w ka byen konprann li.
- Pou w jwenn yon kopi ekri de dwa ou genyen nan pwogram CHA PACE la. Pwogram CHA PACE la dwe afiche dwa sa yo nan yon espas ki piblik nan sant PACE kote l ap fasil pou yo wè li.
- Pou w byen enfòme alekri de sèvis pwogram CHA PACE la ofri yo. Se sitou fè w konnen ki sèvis se kontraktan ki bay yo, se pa pèsonèl CHA PACE. Yo dwe ba w enfòmasyon sa yo anvan w afilye, nan moman w ap afilye a ak lè w dwe chwazi sèvis w ap resevwa yo.
- Pou w resevwa yon kopi non moun ki bay sèvis ki lye a swen CHA PACE pa bay dirèkteman yo si w bezwen li.
- Analize, oswa jwenn èd pou analize rezulta egzamen pwogram CHA PACE ou genyen ki pi resan an. Ajans federal ak nasyonal yo revize tout pwogram CHA PACE yo. Ou gen dwa tou pou w konnen kijan pwogram CHA PACE la prevwa korije pwoblèm yo konstate pandan enspeksyon an.

Ou gen dwa pou w chwazi yon founisè.

Ou gen dwa pou w chwazi yon founisè swen sante nan rezo pwogram CHA PACE la, enkli founisè swen prensipal ou ak espesyalis ou yo, epi pou w jwenn bon jan swen sante. Medam yo gen dwa pou jwenn sèvis nan men yon espesyalis swen fanm kikalifye pou bay swen sante woutin oswa swen preventif.

Ou gen dwa oipou w gen aksè a espesyalis de fason rezonab e rapid, an fonksyon de eta sante w.

Ou gen dwa pou w resevwa swen nan tout anviwònman ki bay swen yo, jiska menm plasman nan yon sant swen alontèm lè CHA PACE paka kenbe w an sekirite nan kominote a.

Ou gen dwa pou w jwenn sèvis an ijans.

Ou gen dwa pou w jwenn sèvis an ijans lè w bezwen ak kote w bezwen li an san apwobasyon pwogram CHA PACE la. Gen yon ijans medikal lè w panse sante w menase gravman, lè chak gress segonn konte. Ou kapab viktim yon grav aksidan, yon maladi britsoukou, oswa yon maladi ki agrave rapidman. Ou ka jwenn swen dijans nenpòt kote nan Etazini an epi ni w pa bezwen otorizasyon CHA PACE anvan w rele sèvis dijans.

Ou gen dwa patisipe nan desizyon ki gen rapò a tretman w.

Ou gen dwa pou w patisipe entegralman nan desizyon ki gen rapò a swen sante w. Si w paka patisipe entegralman nan desizyon ki gen rapò a tretman w yo oswa si w vle pou yon moun ou fè konfyans ede w, ou gen dwa pou w chwazi moun sa a pou l aji nan non ou. Ou gen dwa:

- Pou w fè yo esplike w tout opsyon tretman ki genyen yo nan lang w ap konprann, pou w byen enfòme de eta sante w ak sou kijan w ap evolye epi pran desizyon ki gen rapò a swen sante w. Sa enkli dwa ou genyen pou w pa resevwa tretman oswa pou w pa pran medikaman yo. Si w deside pou w pa pran tretman, yo dwe enfòme w de konsekans desizyon sa a ap genyen sou sante w.
- Pou pwogram CHA PACE ka ede w prepare yon enstriksyon preyalab, si w vle sa. Yon enstriksyon preyalab se yon dokiman ekri ki di kijan w ta renmen yo pran desizyon medikal ou yo si w pata gen kapasite pou w eksprime w pou w di sa. Ou dwe remèt moun k ap ekzekite enstriksyon ou yo li epi l ap pran desizyon sou swen sante w yo nan plas ou.
- Pasitipe nan preparasyon ak nan aplikasyon plan swen ou an. Ou ka mande pou revize plan swen ou an nenpòt lè.
- Pou yo ekri w davans pou enfòme w sou tout pwojè transfè pou voye w nan yon lòt sant tretman ak rezon ki fè y ap transfere w la.

Ou gen dwa pou enfòmasyon ki konsène sante w yo rete konfidansyèl.

- Ou gen dwa pou pale a founisè swen sante yo an prive epi pou enfòmasyon pèsonèl ki konsène sante w yo rete prive e konfidansyèl, enkli done ki konsène sante w yo kolekte de fason elektwonik, jan lwa eta yo ak lwa federal yo vle mande pou pwoteje yo a.
- Ou gen dwa pou w wè epi resevwa dosye medikal ou e mande pou fè modifikasyon ladan yo.
- Ou gen dwa pou w asire w y ap mande w konsantman w alekri anvan si y ap revele enfòmasyon ou bay moun lalwa pa otorize pou resevwa yo.
- Ou gen dwa pou w bay konsantman ekri ki limite nivo enfòmasyon yo ka revele e bay ki moun yo ka revele yo.

Gen yon règ ki gen rapò a pwoteksyon konfidansyalite pasyan yo k ap pèmèt ou gen aksè a dosye medikal ou pi fasilman epi pi byen jere itilizasyon done pèsonèl sou sante w yo. Si w gen kesyon sou règ konfidansyalite sa a, ou mèt rele Biwo Dwa Sivil la nan 1-800-368-1019. moun ki itilize TTY yo dwe rele sou 1-800- 537- 7697.

Ou gen dwa pou depoze plent, mande sèvis adisyonèl epi fè apèl.

Ou gen dwa pou w depoze plent pou sèvis ou resevwa yo oswa sèvis ou bezwen men ou pa jwenn, kalite swen yo ba ou, oswa nenpòt lòt preokipasyon oswa pwoblèm ou genyen ak pwogram CHA PACE la. Ou gen dwa pou w jwenn yon pwosedi ekitab e rapid pou w ka rezoud pwoblèm ki gen rapò a pwogram PACE ou a. Ou gen dwa:

- Pou w jwenn esplikasyon konplè sou pwosesis plent lan.
- Pou w jwenn èd ak ankourajman pou w esplike anplwaye CHA PACE yo ak reprezantan ekstèn ou chwazi yo plent ou a an tout libète. Ou pa dwe sibi okenn sanksyon sou kèlkeswa fòm nan paske w eksprime preokipasyon ou. Pami sanksyon nou ka site pinisyon, menas, oswa sibi diskriminasyon.
- Pou w kontakte 1-800-Medicare pou w ka jwenn èd ak enfòmasyon, e menm pou w depoze yon plent pou kalite swen oswa yon sèvis yo ba ou.

Ou gen dwa pou w mande CHA PACE sèvis ou panse ki nesesè yo. Ou gen dwa a yon pwosedi konplè e rapid pou detèmine si yo dwe bay sèvis sa yo. Ou gen dwa tou pou w fè apèl a tout sèvis oswa tretman pwogram CHA PACE la, pèsonèl li yo oswa sou tretan li yo refize w.

Ou gen dwa pou w soti nan pwogram nan.

Si pou yon rezon kèlkonk, ou estime pwogram CHA PACE la pa rive satisfè ou, ou gen dwa pou w soti nan pwogram nan nenpòt lè ou vle, e fè tout sa k posib pou sòti a antre an vigè premye jou nan mwa ki swiv lè CHA PACE resevwa avi pou w soti volontèman nan pwogram nan.

Lòt Èd:

Si w gen plent konsènan pwogram CHA PACE ou a, si w panse yo te vyole dwa ou oswa si w vle pale de sa ki deranje w ak yon moun ki pa nan pwogram CHA PACE ou a, rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) pou w ka jwenn non ak nimewo telefòn yon moun ki nan Ajans Administrasyon ki nan eta kote w ye a.

Responsabilite Patisipan e Responsabilite moun k ap bay swenan

Nan CHA PACE, nou panse ou menm ak moun k ap okipe w la jwe yon wòl enpòtan nan swen n ap ofri ou. Ekip miks la ap travay kole kole avèk ou e ak moun k ap okipe w la pou l asire l li reponn a bezwen ou nan kesyon sante o maksimòm.

Pou w rete an sante e pi endepandan posib, aksepte responsabilite sa yo, tanpri:

- Kolabore ak ekip miks la pou w aplike plan swen ou an
- Aksepte konsekans pou refize tout tretman ekip miks la rekòmande yo.
- Bay ekip miks la yon istorik medikal konplè e ki gen presizyon.
- Itilize sèlman sèvis ekip miks CHA PACE ou a otorize yo.
- Itilize sèlman lopital ki nan rezo CHA PACE la, eksepte pou sèvis dijans yo.
- Pran tout medikaman yo preskri yo konfòmeman a enstriksyon yo oswa enfòme ekip miks la lè w deside pa pran yon medikaman yo preskri w ankò epi aksepte konsekans refi sa a.
- Si w bezwen sèvis dijans, enfòme CHA PACE nan 48 èdtan oswa kou li posib pou w fè sa.
- Peye frè yo egzije pa mwa a atan.
- Enfòme CHA PACE vèbalman oswa pa ekri si w swete sòti nan pwogram nan.
- Enfòme CHA PACE si w ap demenaje oswa si w ap absan pou lontan nan rejyon sèvis CHA PACE la.
- Di CHA PACE si w pa satisfè ak swen oswa sèvis li ofri w yo.
- Trete anplwaye nou yo ak respè e ak konsiderasyon.
- Evite gen konpòtman nuizib oswa ki ka fè w parèt kòm yon menas pou dwa ak sekirite lòt pasyan yo, vizitè yo ak anplwaye yo.
- Evite aksyon oswa pawòl ki pa montre respè, ki fè diskriminasyon, ki menase moun oswa ki fè asèlman. Pami pawòl oswa aksyon sa yo gen:
 - » Pote zam afe oswa lòt kalite zam sou pwopriyete CHA.
 - » Menas oswa atak fizik ak vèbal.
 - » Tout kòmantè ofansif sou ras, aksan, reliyon, sèks, oryantasyon seksyèl yon moun, oswa lòt karakteristik pèsonèl. (alekri oswa vèbal)
 - » Refize wè yon doktè oswa yon lòt manm nan pèsonèl la poutèt ras li, aksan li, reliyon li, oryantasyon seksyèl li oswa lòt karakteristik pèsonèl.
 - » Langaj ofansif ki gen mo oswa aksyon ki vyolan, vilgè oswa ki gen rapò ak sèks.
 - » Deranje swen oswa eksperyans yon lòt pasyan.
 - » Fè foto oswa videoyo pasyan, vizitè, ak/oswa anplwaye yo san pèmisyon.

Konsantman pou Tretman

- Genyen nan moun k ap trete w yo ki kapab se etidyan oswa doktè ki nan fòmasyon, men ap toujou gen yon moun kalifye la pou an chaj swen ou. Ou gen dwa pou w refize swen yon doktè, yon enfimyè oswa lòt moun k ap bay swen.
- Si se pa yon ijans, ou ka di non pou kèlkeswa moun k ap okipe ou oswa kèlkeswa tretman an. Men si w gen yon ijans medikal, pèsònèl la kapab swaye w san w pa t gentan bay konsantman w.
- Ou konprann ke doktè w la ap soumèt preskripsyon ou yo elektwonikman bay famasi w la. Doktè w la ap ka wè medikaman famasi yo ba ou, l ap ka wè menm medikaman lòt doktè preskri w. Pwosesis sa a pèmèt yo evite fè erè epi li ede doktè w la ba ou pi bon swen e ki pi efikas posib.
- Ou konprann CHA PACE trete enfòmasyon medikal ou yo kòm konfidansyèl, nan jan lwa federal ak lwa eta sou pwoteksyon privasite moun yo mande pou sa fèt. Lwa sa yo pèmèt CHA PACE pataje enfòmasyon medikal ou anndan E deyò òganizasyon sa a si sa nesesè: (1) pou yo ka trete w, (2) pou w ka touche pouswen ou, (3) pou ede nou amelyore fason n ap ba ou swen sante.



Dispozisyon Jeneral

Chanjman nan Akò Afilyasyon CHA PACE Ia

Gen chanjman ki ka fèt nan akò sa a si Sant Sèvis Medicare ak Medicaid ki nan Ministè Sante ak Sèvis Sosyal Ameriken epi Commonwealth of Massachusetts, MassHealth apwouve yo. N ap enfòme w pa ekri omwen 30 jou davans anvan yo fè yon chanjman. N ap ba ou yon kopi ki aktyalize epi n ap esplike w chanjman ki fèt yo, n ap esplike fanmi w e moun k ap okipe w la tou.

Puiswit Sèvis si w ap Soti

Si akò sa a pran fen pou kèlkeswa rezon an, w ap kontinye gen kouvèti Medicare Pati A ak/oswa Pati B epi/oswa MassHealth. W ap jwenn èd pou w re entegre lòt pwogram Medicare ak/oswa MassHealth ou kalifye pou yo.

Kolaborasyo nan kesyon Evalyasyon

Pou nou kapab detèmine pi bon sèvis yo pou ou, n ap bezwen kolaborasyon ou, ban nou enfòmasyon medikal ou ak enfòmasyon finansye ou.

Lwa Aplikab

CHA PACE konfòme li a egzijans Commonwealth of Massachusetts, MassHealth epi Sant Sèvis Medicare ak Medicaid ki nan Ministè Sante ak Sèvis Sosyal Ameriken, menm si yo espesyalman enkli ou non nan dokiman sa a.

Pa gen sede

Ou paka sede avantaj ou oswa pèman ou dwe nan kad akò sa a bay okenn lòt moun, yon sosyete oswa yon lòt òganizasyon. Nenpòt aksyon ou fè pou ta sede I, li pa p gen okenn efè. Sede a se transfere bay yon lòt moun oswa yon lòt òganizasyon dwa w genyen pou w jwenn sèvis yo bay nan kad plan sa a oswa dwa w genyen pou w pran lajan nan men nou pou sèvis sa yo.

Avi

Tout avi n ap bay nan kad akò sa a, n ap voye yo pou ou pa lapòs nan adrès ou genyen ki anrejistre nan dosye nou yo. Ou dwe fè nou konnen touswit si w chanje adrès. Lè w ap avèti nou, ou dwe voye lèt la bay CHA PACE, 163 Gore Street, Cambridge, MA 02141.

Notifikasyon pou sèten evènman

Nou dwe voye yon pre avi rezonab ba ou si kontra a ap koupe, si l gen vyolasyon oswa si yonn nan founisè oswa enstalasyon nou yo paka egzekite yon kontra, oswa tou si w riske sibi konsekans materyèl oswa konsekans negatif. Pami yo nou jwenn lopital yo, doktè yo oswa nenpòt moun nou te gen yon kontra avèk li pou bay sèvis oswa benefis. N ap fè aranjman pou jwenn yon lòt founisè pou bay sèvis ki koupe a. Nou rezève nou dwa pou adopte politik ap pwosedi rezonab pou bay sèvis ak avantaj yo prevwa nan plan an.

Dosye Medikal ou

Nou kapab gen nesesite pou nou jwenn dosye ak enfòmasyon medikal ou nan lopital, sant swen ki kalifye, sant swen entèmedyè, ajans swen lakay yo, doktè, ak lòt pwofesyonèl oswa lòt founisè yo gen kontra avèk yo k ap trete w. Depi w aksepte kouvèti nan kad kontra sa a, ou ban nou otorizasyon pou jwenn dosye ak enfòmasyon sa yo epi pou nou itilize yo. Yo kapab se enfòmasyon ak dosye ki gen rapò ak tretman ak swen ou te resevwa nan menm lòt moun ki te ba ou swen/tretman anvan dat kontra sa a antre an vigè. Selon Lwa Jeneral Massachusetts c.111, sect. 70E. ou gen aksè a pwòp dosye medikal ou.

Kiyès k ap Resevwa Pèman nan Kad Akò sa a

Pèman pou sèvis yo bay yo ak sa ekip miks lan otorize nan kad kontra sa a ap fèt dirèkteman pa CHA PACE a founisè CHA PACE la. Yo paka mande w pou w peye lajan CHA PACE dwe founisè seleksyone yo. Men, pèman pou sèvis ki pa otorize deyò rezo a, ou kapab gen pou w peye yo, eksepte pou sèvis dijans.

Otorizazyon pou pran Foto, Videyo ak Anrejistremant Vokal epi itilize yo

Nan kad jesyon òdinè plan sa a, yo kapab pran foto patisipan yo pou yo kapab idantifye yo.

Definisyon

Avantaj ak Kouvèti se sèvis sante ak sèvis asosye nou ofri nan kad akò sa a. Sèvis sa yo ranplase avantaj ou t ap resevwa pito nan Medicare ak/oswa MassHealth. Sa posib gras a yon akò espesyal ki pase ant CHA PACE, Sant Sèvis Medicare ak Medicaid ki nan Ministè Sante ak Sèvis Sosyal Ameriken epi Commonwealth of Massachusetts, MassHealth. Akò sa a ba w dwa a avantaj ou t ap resevwa nan Medicare/MassHealth, plis lòt avantaj ankò. Pou w benefisyé de avantaj ki nan plan sa a, ou dwe ranpli kondisyon ki etabli nan akò sa a.

Akò Afilyasyon se kontra ki genyen ant ou menm ak CHA PACE ki etabli kondisyon e ki dekri avantaj w ap benefisyé yo. Akò sa a ap rete an vigè jiskaske w soti epi/oswa yo koupe li.

Ou kalifye pou resevwa swen nan sant yo lè yon enfimyè afilyasyon CHA PACE evalye eta sante w, epi MassHealth oswa ajan li detèmine ke ou reponn a kondisyon eta Massachusetts etabli pou moun kalifye pou resevwa swen nan sant yo. Ou dwe ranpli kondisyon sa a pou w kapab patisipe nan pwogram CHA PACE la. MassHealth oswa ajan li yo ap refè evalyasyon pou ou chak ane pou yo ka wè si w toujou reponn a kondisyon eta Massachusetts etabli pou moun kallifye pou resevwa swen nan sant yo ak si w ka kontinye patisipe nan pwogram CHA PACE la. Objektif CHA PACE se ede w rete nan kominate a tout tan sa posib medikalman e sosyalman, menm si w kalifye pou resevwa swen nan sant swen yo.

Sitiyasyon Medikal Dijans se yon sitiayson ki manifeste pa sentòm egi ki ase grav (enkli gwo doulè) pou yon moun ki pa pwofesyonèl sante men ki pridan, ki gen ti konesans sou sante ak medsin, lojikman I ap atann li si pa jwenn swen medikal touswit, sa ka lakoz: (1) gen gwo risk sou sante moun nan; (2) fonksyon kò moun nan degrade; oswa (3) twoub grav nan fonksyònman yon ògàn oswa yon pati nan òganis lan.

CHA PACE se yon pwogram Komisyon Sante Biblik Cambrigde. CHA PACE bay swen sante ak swen konplemantè a tout moun ki gen 55 lane oswa plis e ki rete nan rejyon sèvis la ki kalifye pou swen nan sant swen yo. Yo itilize tèm "nou", "nou an" ak "nou yo" tou pou CHA PACE.

Founisè sou Kontra nan CHA PACE se yon sant sante, yon pwofesyonèl sante oswa yon ajans ki gen yon kontra ak CHA PACE pou bay patisipan nan CHA PACE yo sèvis sante ak sèvis ki gen rapò a sante.

Doktè CHA PACE la se yon doktè CHA PACE anplwaye oswa ki gen yon kontra ak CHA PACE.

Esklizyon se yon sèvis oswa yon avantaj yo pa otorize CHA PACE kouvrí selon règleman federal yo.

Sèvis Sante yo se sèvis tankou swen medikal, tès dyagnostik, ekipman medikal, aparèy, medikaman, pwotèz ak ôtèz, konsèy sou nitrisyon, swen enfimye, sèvis sosyal, terapi, dantisri, optometri, podoloji ak odyoloji. Yo ka bay sèvis sante yo nan sant sante/sant swen debaz pou gramoun CHA PACE genyen, lakay ou, nan klinik espesyalis oswa sant swen ki gen kontra ak CHA PACE.

Sèvis Ki gen rapò ak Sante se sèvis ki sipòte prestasyon sèvis sante e ki ede w konsève endependans ou. Pami sèvis sa yo genyen swen pèsonèl, èd menajè, terapi ak lwazi, akonpayman, tradiksyon, transpò, livrezon manje adomisil, èd pou jere lajan ak pou peye fakti, epi asistans si yon moun gen pwoblèm kote pou l rete.

Sèvis Lopital se sèvis jeneralman yo abitye bay nan lopital ki bay swen egi.

Ekip Miks la se ekip pwofesyonèl CHA PACE la ki genyen yon founisè swen debaz (doktè oswa enfimyè), yon travayè sosyal, yon enfimyè diplome, yon nitrisyonis, yon fizyoterapèt, yon terapèt rekreyatif, yon ègoterapèt, direktè sant lan, kowòdonatè swen lakay, oksilyè swen pèsonèl epi yon chofè.

Franchiz MassHealth (Depans) se montan revni ou ki depase nòm asistans medikal la. Montan anplis sa a se responsabilite mansyèl ou pou tout depans medikal ou angaje. MassHealth miltipliye depasman sa a pa sis paske elijibiite ou baze sou yon peryòd sis mwa. Yo rele montan sa a Franchiz MassHealth (Depans).

Sant Swen an se yon sant sante Ministè Sante Biblik Massachusetts otorize pou fonksyone.

Mankman se lè yo pa respekte yon avi medikal ak lè yo pa respekte randevou yo plizyè fwa.

Deyò Rejyon vle di tout zòn ki pa nan rejyon sèvis CHA PACE. (Gade “Rejyon Sèvis” la anba a).

Patisipan ki reponn a kritè kalifikasyon CHA PACE yo epi ki afilye a pwogram nan volontèman. Tèm “ou”, “pou ou”, or “pou ou” ki nan akò sa a se pou patisipan an.

Pèman an se kantite kòb ou dwe vèse davans bay CHA PACE cjak mwa pou w ka jwenn avantaj akò sa a prevwa yo.

Rejyon sèvis gen kòd postal sa yo:

Konte Middlesex: 02138, 02139, 02140, 02141, 02142, 02143, 02144, 02145, 02148, 02149, 02155, 02238, 02239, 02471, 02472, 02474, 02475, 02476, 02477, 02478

Konte Suffolk: 02129, 02150, 02151

Pwen Sèvis la se tout kote yon patisipan ka pran sèvis sante oswa pran sèvis ki lye a sante nan kad kontra sa a.

Swen Entansif se swen yo ba ou lè w pa nan rejyon sèvis lae ou estime blesi w la oswa maladi w la twò grav pou w tann jiskaske w retounen nan rejyon sèvis la, men vi w oswa fonkyònman ou pa menase gravman.

Siyati Akò Afilyasyon Paj

Non Afilye: _____ Dat nesans: _____ Sèks: _____

Avantaj yo prevwa nan akò a rive posib gras a yon akò Cambridge Health Alliance ("CHA PACE") siyen ak Medicare, Ministè Sante ak Sèvis Sosyal Ameriken, Sant Sèvis Medicare ak Medicaid (sig anglè "CMS") epi Commonwealth of Massachusetts, ("MassHealth"), ki dwe renouvre a chak fwa lè a rive epi, si akò a pa renouvre, sa ap mete fen a pwogram nan. CHA PACE gen dwa pou pataje enfòmasyon pèsonèl sou patisipan li yo ak CMS epi ak MassHealth. CMS ak MassHealth pa responsab depans ki asosye a sèvis CHA PACE bay. Lè moun ki afilye yo mansyone pi wo a ("Mwen") oswa reprezantan li siyen akò sa a, li aksepte pou resevwa prestasyon sèlman nan men CHA PACE ak founisè ki gen kontra avèk li yo nan plas prestasyon li abitye resevwa nan Medicare ak/oswa MassHealth yo.

Asirans Benefisyè Estati:

<input type="checkbox"/> MassHealth (Medicaid) pou PACE <input type="checkbox"/> Medicare Part A ak B <input type="checkbox"/> Medicare Part A sèlman <input type="checkbox"/> Medicare Part B sèlman <input type="checkbox"/> Pa Kalifye pou Medicare Nimewo MassHealth: _____ Nimewo Medicare: _____	<input type="checkbox"/> Pa gen Lòt Asirans -OSWA- <input type="checkbox"/> Lòt enfòmasyon sou Asirans _____ _____ _____
--	--

Mwen konprann frè enskripsyon mwen an se ap \$_____ pa mwa. Pèman yo dwe fèt premye nan chak mwa apati de premye jou afilyasyon an epi yo p ap remèt li. Frè mansyèl la kapab chanje an fonksyon de si revni mwen evolye epi selon règleman Medicare ak MassHealth yo. (M ap resevwa yon notifikasyon de chanjman sa yo.) Si m pa respekte pèman yo sa ka lakoz yo retire m envelopontèman.

Si m pa t kalifye pou Medicare nan moman afilyasyon mwen nan CHA PACE, men mwen vin kalifye lè mwen fin afilye, CHA PACE ap enfòme mwen sou nouveau dwa mwen genyen yo apeprè 30 jou apre dat afilyasyon mwen aktive nan Medicare. Mwen konprann si m chwazi rete afilye a CHA PACE apre mwen fin kalifye pou Medicare, m ap resevwa tout sèvis Medicare kouvri yo, enkli kouvèti òdonans pati D yo atravè CHA PACE.

Mwen konprann si m chwazi afilye nan nenpòt lòt plan pre pèman Medicare Pati D oswa Medicaid, oswa yon lòt prestasyon, enkli prestasyon pou swen palyatif, apre afilyasyon mwen an tan ke patisipan nan CHA PACE, y ap konsidere mwen soti volontèman nan CHA PACE.

Mwen konprann afilyasyon mwen nan CHA PACE an antre an vigè le: _____

_____, an atandan apwobasyon nan MassHealth, si aplikab. Depi m siyen anba a, mwen aksepte pou patisipe nan pwogram CHA PACE la an fonksyon de tèm ak kondisyon Akò Afilyasyon CHA PACE la ("akò a"); Mwen li e mwen konprann akò a; mwen rekonèt mwen resevwa akò a; yo esplike mwen tèm ak kondisyon akò a; mwen te gen chans poze kesyon mwen genyen sou akò a; mwen te jwenn repons a tout kesyon mwen yo e mwen satisfè de repons yo. Mwen otorize yo revele e pataje enfòmasyon pèsonèl ki konsène mwen ant Sant

Sèvis Medicare ak Medicaid, ajan li yo, MassHealth epi CHA PACE. Mwen konprann depi m fin afilye, CHA PACE ap sèl founisè sèvis mwen.

Gen yon kopi aktyalize akò a ki disponib nan CHA PACE oswa sou sit entènèt CHA PACE la si w bezwen l. www.challiance.org/services-programs/older-adult-services/cha-pace.

Siyati afilye a oswa reprezantan li chwazi

Dat

Non afilye a oswa reprezantan li an lèt detache

Resvvwa nan (CHA):

Dat